



Synod
2021
2023

For a synodal Church
communion | participation | mission



Kit Referans pou Pawas

THE ROMAN CATHOLIC
ARCHDIOCESE OF
ATLANTA

Kit Referans pou Pawas/Gwoup

Pou pastè yo, manm klèje a, anplwaye pawas la ak lòt dirijan ak gwoup ministè
/apostola a*

Sinòd la sou kesyon Sinodalite

Pou yon Legliz Sinodal: Kominyon, Patisipasyon ak
Misyon

"Paske, chak fwa de ou twa moun mete tèt yo
ansanm nan non mwen, map la nan mitan yo."
(Mt 18:20)

... Nap raple ke objektif Sinòd la, e kidonk rezon ki fè nou
fè konsiltasyon sa a, se pa pou n pwodui dokiman, men
"pou plante rèv, trase pwofesi ak vizyon, pou pèmèt lespwa
epànwi, pou enspire konfyans, pou panse blesi yo, pou met
tèt ansanm pou tise relasyon, fè douvanjou lespwa leve,
pou youn aprann sou lòt epi pou kreye yon mwayen pozitif
ki pral ilimine lespri yo, rechofe kè yo, bay men nou fòs..."

Dokiman Preparatwa, nimewo 32 (sitasyon Pap Franswa, Diskou nan Ouvèti
Sinòd Evèk yo konsakre pou Jèn yo [3 oktòb 2018])

* Adaptasyon baze sou Resous Sinòd Pawas la (Parish Synod Resources) ke Achidyosèz Washington lan te devlope.

Tabmatyè

Entwodiksyon	3
Men Kijan pou Itilize Kit Referans sa a	4
Objektif Sinòd Global la	4
Enfòmasyon Jeneral sou Faz Sinòd Achidyosezen an	5
Resous nan Kit referans sa a	8
Resous pou nou Pwomouvwa Sinòd la ak Sesyon Ekout yo	9
Enfòmasyon yo mete nan Bilten yo	9
Omeli a Ede	9
Lapriyè Fidèl yo.....	122
Resous pou Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè	14
Opsyon 1: Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè ki Fèt Demi Jounen nan Samdi	144
Opsyon 2: Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè kap Fèt nan Lasware pandan Twa Semèn	15
Planifikasyon anvan Sesyon an	177
Lis Verifikasyon	19
Pi Bon Pratik pou Jesyon Ti Gwoup	222
Kesyon pou Sesyon Ekout yo	244
Enstriksyon pou Rapò Somè Pawas/Gwoup	27
Priyè pou Sinòd la: <i>Adsumus Sancte Spiritus</i>	31

Entwodiksyon

Achevèk Gregory J. Hartmayer, OFM, Conv., ap mande Legliz Katolik Achidyosèz Atlanta a - klèje, manm lavi konsakre yo ak layik yo - pou reyini ansanm ak li, pou yo rapwoche yo plis de Granmèt la, **ansanm**, pou Lespri Sen an kapab montre nou, Legliz lokal sa a, chimen an pou pote Levanjil la yon nouvo fason bay mond lan. Pwosesis Sinodal la konpleman te efò [Renouvèlman Ekaristik](#) nap fè yo, etan nap prepare pou n rasanble **ansanm** nan Kongrè Ekaristik la le 17 e le 18 jen 2022, pou n lanse patisipasyon nou nan Relans Ekaristik la. Pou lemoman, yo mande pou nou fè plis priyè entansyonèl ak priyè ki konsantre, pou nou ka prepare kè nou pou n koute Granmèt la epi pou pou n koute youn lòt e pou nou disène aksyon Lespri Sen an.

Nap reyini ak Legliz inivèsèl la nan moman konsiltasyon enpòtan sa a kote Pap Franswa ap mande nou pou nou fè chimen ansanm, pou youn prezan pou lòt, pou nou koute ak aprann youn de lòt epi pou nou grandi pi pre Granmèt la ak Legliz li a. Premye faz la, Ekout ak Disèneman nan Legliz Lokal yo, ap fèt nan Dyosèz yo apatide mwa oktòb 2021 jiska mwa jwen 2022. Pap nou nan ap lanse yon apèl bay chak dyosèz pou l pataje enspirasyon ke chak nan legliz lokal yo resevwa, pou yo enkòpore li nan travay asanble **Sinòd Evèk yo** ki pral fèt an 2023, epi ki gen kòm tèm "[Pou yon Legliz Sinodal: Kominyon, Patisipasyon ak Misyon.](#)"

Objektif kit referans pawas/gwoup sa a se pou ede pastè, klèje pawas ak estaf yo ak lòt dirijan ministè/apostola ak gwoup yo pou konprann ak enpleman te faz Sinodal achidyosèzen an. Sa ki pi enpòtan an, lè nou fè sa, espwa nou genyen an sèke Legliz lokal Achidyosèz Atlanta a pral resanti aspè enpòtan sinodalite a, oswa chimen lap fè ansanm lan, espesyalman atravè lapriyè, ekout ak pataj kap fèt ant youn ak lòt. Ann priye ke pwosesis sa a pote rezilta pou achidyosèz nou an e pou Legliz Katolik toupatou nan lemond.

Tanpri note: Divès gwoup ki enterese kapab adapte kit referans sa a lè yo patisipe nan pwosesis sinòd la. Yo mande gwoup ki gen rapò ak yon pawas /yon misyon an patikilye (oswa lekòl Katolik oswa yon ministè kanpis kolejyal) pou yo travay ak pastè /administratè yo defason pou yo ka soumèt opinyon bay ekip responsab la pou rapò pawas la. Gwoup sa yo ki pa asosye dirèkteman ak yon pawas/misyon (oswa lekòl Katolik oswa ministè kanpis kolejyal) ka soumèt opinyon yo konfòmman ak rekòmandasyon pou soumèt rapò ke yo jwenn nan kit referans sa a. Nap envite tout moun pou ale konplete sondaj anliy la kap disponib nan paj entènèt achidyosèz la pou sinòd la (archatl.com/synod).

Men Kijan pou Itilize Kit Referans sa a

Aspè ki pi enpòtan nan patisipasyon sinodal Achidyosèz Atlanta a se pou priye, koute Lespri Sen an epi pou youn kote lòt, epi pou disène aksyon Lespri Sen an. Achidyosèz la ap ankouraje sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo kòm yon fason kle pou l angaje pwosesis Sinòd global la.

Sa a se yon opòtinite pou nou ka ansanm, pou n envite fanmi, zanmi ak vwazen pou yo retounen nan lafwa oswa pou yo retounen fè konvèsasyon omwen, pou youn koute lòt epi pou nou pataje lespwa ak rèv nou genyen pou pawas nou an ak pou kominote nou an e pou pèmèt Legliz Katolik vanse pou pi devan.

Kit referans sa a pral ede dirijan pawas ak gwoup yo:

- 1) Byen konprann pwosesis konsiltasyon sinòd achidyosèz an;
- 2) Òganize sesyon sinòd pou ekout ki konsantre sou lapriyè nan pawas yo (oswa nan lòt kad); epi
- 3) Bay opinyon pou ede yo konpile rapò achidyosèz la.

Pa gen limit nan kantite sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè ke yon pawas oswa yon gwoup ka vle òganize, epi yo ka adapte opsyon yo bay nan kit referans sa a nan divès fason. Sepandan li endispansab pou chak pawas oswa gwoup soumèt yon rapò nan fen pwosesis konsiltasyon l nan, pou rezime rezilta sesyon ekout (yo). Nan kit referans sa a, nap jwenn enstriksyon sou rapò a epi nap jwenn yo tou nan sit entènèt la (archatl.com/synod).

Objektif Sinòd Global la

Nan peryòd Renouvèlman Ekaristik sa a, moman patikilye sa a pou pwosesis sinòd la se yon moman divan pou nou. Etan nap chèche reyini ansanm nan lapriyè, pou n koute ak pataje, nou ankouraje pou nou pase tan ansanm devan Granmèt Ekaristik la, pou nou rasanble nan Lamès Sent la, pou nou vin pi pre youn ak lòt nan Jezi e pou n rankontre Jezi sou figi tout moun.

Nou swete ke pwosesis sinòd sa a pral bay pawas yo/gwoup yo yon opòtinite pou reyini ansanm etan nap kontinye soti nan pandemi COVID-19 la. Jan nou konnen l, anpil pawas ak lòt kominote te pi afekte poutèt pandemi COVID-19 la poutèt maladi, lanmò ak selebrasyon moun rate tankou premyè Kominyon, maryaj, gradyasyon ak fineray. Moun kap travay nan domèn sante, sekouris ki ale sou plas an premye ak fanmi yo, ansanm ak malere oswa moun ki gen plis risk pou yo tonbe malad — kit se pawasyen tankou nou, kit se vwazen oswa moun kap viv nan kominote ozalantou nou yo — byen souvan yo fè gwo sakrifis

Pou yon Legliz Sinodal: Kit Referans pou Pawas/Gwoup

e yo sibi gwo difikilte pandan pandemi an. Eitou COVID-19 te vin pèmèt nou konstate jenewozite ewoyik ak enkwayab plizyè manm nan kominote yo.

Sinòd sa a se yon kado inik pou Legliz lokal nou an. Se yon kado tan — yon chans pou n pran yon rekil epi pou n rekonekte avèk kominote nou yo. Se yon opòtinite pou n envite moun, pa sèlman pou yo retounen nan Mès Lèdimanch, men pou yo rekòmanse patisipe nan lavi pawasyal ak lavi kominotè a.

Envitasyon sa a pou patisipe nan kominote kòmanse avèk ekout. Pou koute Granmèt la epi koute lajwa, lespwa, tristès ak anksyete nou chak nou genyen yo. Baz dyalòg, baz zanmitay ak baz lavi kominotè, se koute sa youn gen pou di lòt. Pwosesis Sinòd sa a nan acheveche a pa mande pou n chanje doktrin ni pou n chanje estrikti debaz Legliz la, men depreferans li mande pou youn kontre ak lòt antanke frè ak sè nan Kris nan yon mond apre pandemi a epi pou n aprann koute Lespri Sen an ansanm, konsa nap kapab ranpli misyon pwoklame Levanjil la avèk plis konfyans ak plis kè kontan.

Enfòmasyon Jeneral sou Faz Sinòd Achidyosezen an

Kalandriye Achidyosèz Katolik Women Atlanta



17 Oktòb – 28 Novanm 2021

Gen yon Mès dovèti ke Achevèk Hartmayer te selebre nan Katedral Christ the King (Kris Wa) kote li te prezante pwosesis Sinòd la nan [omeli](#) 1 la. Nou ankouraje tout acheveche a pou l prepare na lapriyè epi pou l etidye, reflechi sou dokiman Sinòd yo. Anplis, nou ankouraje pastè ak lidè ansanm ak ekip yo pou yo disène pi bon fason pou yo enpleman pwosesis sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè a pou konpleman Renouvèlman Ekaristik la epi pou ede re-angaje kominote pawas yo ak zòt yo etan nap soti nan peryòd COVID-19.

28 Novanm 2021 – 31 Mas 2022

Nap envite e nap ankjouaje pawas ak lòt kominote/lòt gwoup pou yo òganize sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè kote klèje, layik, kominote relijye kap viv toupre pawas la ak lòt manm kominote yo, nap envite yo pou yo vin patisipe. Jan nou wè li pi wo a, yo òganize sesyon yo defason pou gen kont tan pou priyè kominal ak refleksyon pèsònèl, devan Sen Sakreman an, si posib. Nou kapab adapte kad ak plan sesyon an nan divès fason. Paregzanp, gen sèten pawasyen ki ka òganize yon sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè avèk de gwoup byen distenk (paregzanp konsil yo, gwoup ministè yo, fanmi kiltirèl yo, sa ki pa fè pati majorite a, elatriye), etan zòt ka chwazi pou yo òganize sesyon ekout konsantre sou lapriyè ki pèmèt kominote pawas la anjeneral patisipe. Pastè ak lidè yo ka chwazi pou yo diminye kantite kesyon yo, oubyen adapte kesyon yo oswa pwolonje sesyon yo. Epi tou pastè ak lidè yo ka adapte pwosesis la pou yo ajoute Mès oswa yon repa toudepann de sikonstans yo. Gwoup ki fonksyone nan kad pawas oswa nan kad ministè ka chwazi pou yo adapte sesyon yo nan kèk fason ki koresponn ak sikonstans yo. Yo ka itilize lòt metòd konsiltasyon yo tou, ikonpri itilize fòma vityèl, byenke nou rekòmanse patisipasyon pèsònèl lè li posib.

Pawas yo, lekòl Katolik, ministè kanpis ak gwoup distenk ki patisipe nan lavi pawas la ki chwazi pou yo patisipe, nap mande yo soumèt yon rezime sou sesyon ekout yo bay Ekip Sinòd acheveche a (gade enskripsyon sou Rapò Somè a ki nan kit referans sa a e ki nan www.archatl.com/synod). Nou mande chak pawas/chak gwoup pou yo soumèt yon sèl (1) rapò.

Nou pral mande pastè ki an konsiltasyon avèk ekip estaf e avèk konsil pawas yo, pou yo nonmen de (2) delege sinòd pawas pou yo ale nan yon rasanbleman achidyosèz. Nap envite lekòl ak ministè kanpis yo pou yo voye omwen yon delege ki pou ale nan rasanbleman an tou, epi tou nap envite lòt gwoup ak lòt

moun tou. Gen enfòmasyon separe ke nap pataje sou delege yo ak sou rasanbleman rejyonal yo.

Pandan faz konsiltasyon sa a, ap gen yon sondaj acheveche sou entènèt kap disponib pou ka gen plis distribisyon ke posib. Nou ankouraje tout moun pou yo ranpli sondaj la, kit yon moun te ka patisipe, kit li pat ka patisipe nan yon sesyon ekout. Nap mande pawas ak lòt kominote yo/lòt gwoup yo pou yo envite plis moun ke posib pou ranpli sondaj la (paregzanp Mès Nwèl, fèt Nòtre Dam Guadeloupe oswa lòt rasanbleman ki gen anpil moun se moman opòten pou pwomouvwa sondaj la nan yon nivo ki pi laj) epitou pou envite yo patisipe nan sesyon ekout yo. Se pou tout sonje ke eksperyans priyè pou koute Granmèt la ak koute youn lòt, se sa ki se poto mitan pwosesis Sinodal la. Kidonk, etan sondaj la pral konplete efò nou yo, li esansyèl pou moun yo vin fè eksperyans rasanbleman an an-pèsòn.

Apatide kòmansman 2022, gen yon seri rasanbleman rejyonal acheveche a ki pral fèt, kap konplemanse sesyon pawas yo/sesyon gwoup yo. Rasanbleman rejyonal sa yo, se delege Synòd yo, delege klèje a, delege ki soti nan kominote relijye gason ak fi ak lòt moun ankò kap patisipe ladann. Sesyon achidyosèz sa yo pral bay kominote yo opòtinite pou yo priye ansanm, pou yo fè pataj youn ak lòt, epi pou yo akonpaye youn ak lòt sou chimen yo pral suiv la. Gen enfòmasyon separe ke nap pataje sou rasanbleman rejyonal yo.

1ye avril - 30 jwen 2022 epi apres

Gen yon rapò Yon fwa sesyon pawas/gwoup yo ak rasanbleman rejyonal yo fin fèt, pral gen yon Rankont Pre-Sinodal achidyosezen final ki pral fèt (Nap bay dat la byento). sentèz ki gen 10 paj pou nou remèt USCCB disi 30 jen. Nou pral fè yon vèsyon preliminè dabò epi Achevèk Hartmayer ap finalize li nan mwa avril ak me avèk èd Ekip Sinòd acheve a. Chak rapò dyosèz ke yo soumèt bay USCCB pral ede kreye yon rapò nasyonal pou yo soumèt bay Sen Syèj la (Sekretarya Jeneral Sinòd Evèk yo). Rapò nasyonal sa yo pral sèvi kòm baz pou premye dokiman travay la oswa *Instrumentum Laboris* ke nou pral itilize nan faz kontinantal Sinòd la kote konferans episkopal la pral rasanble pou l priye, pou l koute ak dyaloge ansanm. Alèkile yo pral soumèt rapò kontinantal la bay Sekretè Jeneral Sinòd Evèk yo a Ròm, li pral ede yo kreye dezyèm dokiman travay la pou yo itilize l nan Asanble Jeneral Sinòd Evèk yo an 2023. Enplemantasyon an pral kontinye byennapre 2023.

Resous nan Kit referans sa a

Nan kit referans sa a, ou pral jwenn plizyè resous kap ede w planifye ak òganize sesyon ekout pawas oswa sesyon ekout gwoup ou a. Men resous ki genyen nan kit referans sa a:

- Resous pou nou Pwomouvwa Sinòd la ak Sesyon Ekout yo.
 - Enfòmasyon yo mete nan Bilten yo
 - Omeli a Ede
 - Lapriyè Fidèl yo
- Resous pou Sesyon Ekout yo
 - Gen 2 opsyon pou Òganize yon sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè (Note souple: nou ka adapte sesyon sa yo nan yon kad vityèl oswa ibrid si gen nesosite)
 - Planifye anvan yon sesyon ekout
 - Lis Verifikasyon
 - Pi bon pratik pou jesyon ti gwoup
 - Kesyon Diskisyon Sinòd yo
- Enstriksyon pou Rapò Rezime Pawas/Gwoup

Achidyosèz la prepare yon Gid pou Patisipan ak yon Gid pou Moderatè pou sesyon ekou ki konsantre sou lapriyè yo. Anplis, gen yon dokiman ki se yon resous pou moun kap pran nòt nan ti gwoup yo ki disponib pou nou enprime. Nou ka jwenn resous adisyonèl sa yo nan [sitwèb](#) Sinòd achidyosèz la.

Anvan sesyon ekout la fèt, nou ankouraje lidè yo pou yo distribye Gid Patisipan an bay tout moun kap planifye patisipe ladann. Nou ankouraje pawas yo tou pou yo pibliye [sitwèb](#) Sinòd achidyosèz la, pou yo ankouraje kominote pawas yo li dokiman yo pou yo familiarize yo ak pwosesis la, epi pou yo lapriyè ke Sinòd la pral pote bon rezilta pou Legliz lokal sa a e pou Legliz inivèsèl la.

Resous pou nou Pwomouvwa Sinòd la ak Sesyon Ekout yo

Enfòmasyon yo mete nan Bilten yo

Sesyon Ekout Sinòd

Legliz Katolik la annantye gen kòm obligasyon pou l patisipe nan Sinòd Evèk ki pral fèt la. An preparasyon pou Sinòd Evèk entènasyonal ki pral fèt an 2023 a, Pap Francis vle opinyon w sou sijè a pou "Pou yon Legliz Sinodal: Kominyon, Patisipasyon ak Misyon." Nap envite w pou vini an prezans Fr. _____ pou yon sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè nan pawas la nan dat **DATE**. Envite fanmi, zanmi, vwazen- nou vle pou tout moun patisipe nan sesyon ekout ki santre sou priyè sa a. Pou reponn envitasyon sa a (RSVP), tanpri, voye yon imèl nan: **PARISH EMAIL**.

Kit ou kapab oswa kit ou pa kapab patisipe nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè sa a, pataje konsiderasyon w yo anliy nan archatl.com/synod/.

OSWA

Legliz Katolik la annantye gen kòm obligasyon pou l patisipe nan Sinòd Evèk ki pral fèt la. An preparasyon pou Sinòd Evèk entènasyonal ki pral fèt an 2023 a, Pap Francis vle opinyon w sou sijè a pou "Pou yon Legliz Sinodal: Kominyon, Patisipasyon ak Misyon." Nap envite w pou vini an prezans Fr. _____ pou yon seri sware twa semèn pou sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè nan pawas la nan dat **DATES**. Envite fanmi, zanmi, vwazen- nou vle pou tout moun patisipe nan sesyon ekout ki santre sou priyè sa a. Pou reponn envitasyon sa a (RSVP), tanpri, voye yon imèl nan: **PARISH EMAIL**.

Kit ou kapab oswa kit ou pa kapab patisipe nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè sa a, pataje konsiderasyon w yo anliy nan archatl.com/synod/.

Sondaj Anliy pou Sinòd la

Legliz Katolik la annantye gen kòm obligasyon pou l patisipe nan Sinòd Evèk ki pral fèt la. An preparasyon pou Sinòd Evèk entènasyonal ki pral fèt an 2023 a, Pap Francis vle opinyon w sou sijè a pou "Pou yon Legliz Sinodal: Kominyon, Patisipasyon ak Misyon." Moun tout laj, Katolik ak non-Katolik, envite pou pataje opinyon yo. Pou patisipe nan sondaj la, ale sou sit la nan archatl.com/synod/.

Omeli a Ede

Analoji Modèn

Pou yon Legliz Sinodal: Kit Referans pou Pawas/Gwoup

- Dine Familyal: Sinòd la tankou yon gwo dine familyal. Tout moun patisipe ladan: adolesan kap rebele a, monnonk ki tyak la, kouzen kap lite pou l jere sobriyete, matant ki divòse a, monnonk ou pi pito a, manman ak papa. Tout fanmi an ap pale avan, pandan ak apre. Ka gen moman kote gen ri, lajwa, ansyen istwa ak nostalji. Ka gen moman kote gen tansyon, diskisyon ak fristrasyon. Ka gen yon sijè ki kontrarye moun ke pèsòn pa pale sou li. Pakont, lè fen jounen an rive – kèlkeswa sa ki pase a, yo tout yo se yon fanmi. Se menm bagay la pou Legliz la pandan pwosesis Sinòd la, men lyen an pi entim, paske dlo batèm yo ini plis pase dlo ki nan matris la.
- Yon Vwayaj nan Machin: Pwosesis Sinòd la ka sanble tankou li se yon vwayaj familyal nan machin ki byen long. Diferan manm fanmi an ka kondui ak navige youn apre lòt. Ka gen bon konvèsasyon ak konvèsasyon ki pwofon. Ka gen kèk konvèsasyon ki sèvi sèlman pou fè tan an pase. Ka gen tan silans ki byen long. Ka gen yon detou, yon baraj sou wout la, yon arè pou ravitayman, oswa yon poz ki nesèsè pou ale nan twalèt. Sepandan, malgre tout sa, tout moun rive lakay an tout sekirite. Legliz la se tankou yon machin kote tout manm fanmi yo ap vwayaje pou rive nan destinasyon yo. Kris la se kat jewografik la, epi Lespri Sen an se motè a. Chak manm fanmi an gen wòl byen patikilye ak enpòtans yo. Papa se Papa. Manman se Manman—kèlkeswa moun kap kondui a oswa moun kap dirije a. Nan Legliz la, tout moun pataje responsabilite pou akonpaye youn lòt nan pakou sa a pou rive nan patri selès la ki nan Kay Papa a. Pwosesis Sinòd la se yon fason nou akonpaye youn lòt nan pakou pou n rive lakay la.

Analoji Eskriptiral

- Ekzòd la: Yon istwa estanda pou pèp Bondye a se nesans yo antanke yon nasyon ki soti nan yon lòt nasyon atravè redanpsyon ki fè yo soti nan esklavaj. Yo temwen kokennchenn travay Bondye, yo konnen pwovidans li nan lamàn e yo te resevwa lalwa Bondye. Malgre sa, yo kontinye ap plenyen e ap chichote. Malgre difikilte ki gen nan kominote a, Moyiz te rasanble zòt pou ede li koute pèp la, epi Moyiz di: "Si tout pèp Bondye a te pwofèt, Bondye ta mete Lespri li sou yo!" Malgre tout difikilte yo rankontre, bon ak move moman, yo fè chimen ansanm pou rive nan tè Bondye te pwomèt yo a.

Pwosesis Sinodal la menm jan an, paske se grasa nouvo Moyiz la ke pèp Bondye a vin rachte nan peche. Legliz la temwen kokennchenn travay Bondye, li konnen pwovidans li nan Ekaristi a e yo ba li Lespri Sen an. Pawòl Moyiz yo vin akonpli nan Lapannkòt epi yo vin aplike pou nou lè nou te batize. Nou se yon pèp pwofetik, e pwosesis Sinodal la mande pou nou koute youn ak lòt etan nap fè chimen ansanm jouk nou rive nan dènnye jou a kote tout dlo nan je pral seche.

- Chimen Emayis la: Te gen 2 disip ki tap mache sou chimen Emayis, se konsa yo vin ap pale sou lanmò Kris la, epi gen yon etranje ki vin pale avèk yo ki genlè pa konnen dènnye nouvèl la. Toulede disip yo pataje nouvèl la avèk li, epi misye kòmanse eksplike yo siyifikasyon ki pi pwofon sou sa ki rive a nan kontèks

Pou yon Legliz Sinodal: Kit Referans pou Pawas/Gwoup

istwa sali a. Disip yo koute etranje ki te nan mitan yo avèk anpil atansyon epi yo envite li pou l vin manje avèk yo. Lè misye wonp pen an, se lè sa a yo reyalize se Kris ki resisite nan lanmò ki nan mitan yo. Kè yo tap boule anndan yo, epi yo kouri pou al di Apot yo ke Kris resisite nan lanmò.

Chimen disip fidèl yo ap fè a se menm ak Legliz la nan peryòd Sinòd sa a. Yo akeyi etranje a, yo pataje dènve nouvèl ki soti yo epi yo gade kriz ki gen jodiya nan pèspektiv aksyon sali Bondye nan tout listwa. Yo rasanble toutotou yon festen, yo wè Kris ak Lespri Sen enspire yo pou yo angaje nan misyon Legliz la: pwoklamasyon Kris ki Resisite a. Youn nan objektif Sinòd la se pou mache ansanm epi pou youn koute lòt etan nap gade siy tan yo nan pèspektiv lakwa ak rezireksyon Jezi Kri. Menm jan ak disip yo sou chimen Emayis, nou priye pou yon konvèsyon pi pwofon e pou patisipasyon nan misyon Legliz grasa pouvwa Lespri Sen kap boule nan kè nou.

Tèm Enpòtan pou Sezon Litijik yo

- **Avènman:** Tèm yo itilize nan yon Legliz kap tann avèk enpasyans, ki enpasyan fas a antisipasyon ak preparasyon penitansyèl pou akonpli pwomès Bondye e pwomès sa a kapab kapitalize enpòtans ekout ki baze sou lapriyè pou Lespri Sen gide nou nan Sinòd la ki pou ba nou dispozisyon enb ke Notredam te di zanj la: "Se pou volonte ou akonpli selon pawòl ou."
- **Nwèl:** Detay ki gen nan istwa nativite a vreman klere nou. Mèt otèl la pa t resevwa yo, chante anjèlik la, adorasyon bèje yo, kado Wamaj yo ak malveyans Ewòd, tout reprezante divès reyaksyon ak divès dispozisyon ke ka prezante pandan tout pwosesis Sinodal la. Pawòl Bondye a ke lèzòm anonse, lemond ka byen refize aksepte l, moun ki kontanple l yo kapab fè chante sou li, moun yo ekate yo ka adore li, moun ki ozalantou yo bay kado epi enstitisyon pouvwa yo meprize li. Kèlkeswa reyaksyon zòt vizavi Kris, Kris toujou rete modèl nou – menm nan anfans li. Paske li rabese li, li vin tounen you sèvitè. Pou n ka gen yon Sinòd ki pote rezilta, li esansyèl pou gen imilite epi pou nou bay moun menm jan avèk nou, sèvis.
- **Tan Òdinè:** Nan sezon sa a, gen twa tèm santral ki se ansèyman, mirak yo ak lavi kache Jezi. Si pawòl ak aksyon Kris ke nou resevwa grasa pawòl Ekriti Sent yo enspire ki mete chalè nan kè nou grasa Lespri Sen, se fondasyon, limyè e gid pou diskisyon kap fèt nan Sinòd la, alèkile nou ka atann nou ke Bondye ap pi vizib andedan e atravè pèp Bondye a grasa fidelite yo vizavi misyon Legliz la toulejou nan lavi yo.

Lapriyè Fidèl yo

Se biwo Sinòd Evèk yo ki te kreye Priyè suivan yo epi yo ka itilize Priyè sa yo lè Lamès ap fèt oswa nan lòt okazyon lapriyè (paregzanp nan Lè Sent yo) pou priye pou mande Lespri Sen gide nou pandan tout pwosesis Sinodal sa a.

- Pou Legliz la. Pou nou ka fè chimen an antanke konpayon, kòt-a-kòt youn ak lòt, sou menm wout la. Annou lapriyè Seyè a.
R/. Seyè, koute priyè nou.
- Pou zòrèy kap koute yo. Pou kè nou ak lespri nou louvri pou n koute zòt san prejije. Annou lapriyè Seyè a.
R/. Seyè, koute priyè nou.
- Pou don nou genyen pou nou pale. Ke nou jwenn ankourajman sou chimen Sinòd sa a pou n pale avèk kouraj ak parezi (odas), avèk libète ki entegre, verite ak lanmou. Annou lapriyè Seyè a.
R/. Seyè, koute priyè nou.
- Pou yon Legliz ki selebre. Ke chimen nap fè ansanm nan mwa kap vini yo ap baze sou ekout kap fèt ansanm sou Pawòl Bondye ak selebrasyon Ekaristi a nan kominyon Pèp Bondye a. Annou lapriyè Seyè a.
R/. Seyè, koute priyè nou.
- Pou patisipasyon nou nan Misyon Kris la. Ke nan pakou Sinodal nap fè ansanm nan, pou nou ka grandi nan responsabilite pataje nou nan misyon yo konfyè nou an. Annou lapriyè Seyè a.
R/. Seyè, koute priyè nou.
- Pou dyalòg sensè nan Legliz la ak nan sosyete a. Ke, atravè yon chimen pèseverans, pasyans ak konpreyansyon mityèl, nou ka atantif parapò ak eksperyans moun ak pèp yo. Annou lapriyè Seyè a.
R/. Seyè, koute priyè nou.
- Pou linite pami Kretyen yo. Pou dyalòg ki fèt ant Kretyen denominasyon diferan, ini pa yon batèm, kapab reyone avèk nouvo limyè nan pakou Sinodal sa a. Annou lapriyè Seyè a.
R/. Seyè, koute priyè nou.
- Pou aplikasyon otorite ak patisipasyon nan pèp Bondye a. Pou rasin Sinodal Legliz la pòte fwi nan nouvo fason pou nou kapab osèvis youn lòt nan tout nivo Kò Kris la. Annou lapriyè Seyè a.
R/. Seyè, koute priyè nou.
- Pou Lespri Sen an gide disèneman nou. Pou tout desizyon ki pran nan pakou Sinodal sa a jwenn disèneman atravè yon konsansis ki rejayi soti nan lobedyans komen nou an jwenn Lespri Sen an. Annou lapriyè Seyè a.
R/. Seyè, koute priyè nou.
- Pou yon esprityalite nan fè chimen ansanm. Ke nou ka resevwa antrènman antanke disip Kris, antanke fanmi, antanke kominote e antanke moun, atravè eksperyans nou sou chimen Sinòd sa a. Annou lapriyè Seyè a.
R/. Seyè, koute priyè nou.
- Pou konvèsyon kontinyèl nan kè nou e pou tout moun ki bezwen konvèsyon, lagras ak gerizon. Ke Sinòd sa a pral fè apèl pou sentete a avanse epi ke lap

Pou yon Legliz Sinodal: Kit Referans pou Pawas/Gwoup

ede Legliz atenn tout moun ak Bòn Nouvèl sali nan Jezi Kri. Annou lapriyè Seyè a.

R/. Seyè, koute priyè nou.

Enfòmasyon an soti nan: Sijesyon pou Litiji a pou Sinòd Evèk yo selebre Inogirasyon Sinòd la nan Legliz lokal yo. Se biwo Sinòd Evèk yo ki te distribye enfòmasyon resous sa a pou yo bay li nan konferans episkopal yo, avèk kèk ti adaptasyon ke nou enkli la a.

Resous pou Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè

Tanpri note: Kad sesyon ekout yo sijere pi ba a, se pou rasanbleman kap fèt an pèsòn. Pou kominote/gwoup ki pito yon apwòch vityèl oswa ibrid, yo kapab adapte kad la si li nesèsè. Anplisdesa, orè pwopoze yo kapab modifiye selon kontèks ak sikonstans yo. Kèlkeswa adaptasyon ki fèt la, nap mande pawas yo ak lòt gwoup yo, leplis ke posib, pou yo pwograme ase tan pou lapriyè ak refleksyon pèsònèl, epi ase tan tou pou pataj, jan sa endike pi ba a.

Opsyon 1: Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè ki Fèt Demi Jounen nan Samdi

Pi ba a gen yon deskripsyon jeneral pou yon sesyon ekout kap fèt demi jounen nan samdi maten. Nan Gid pou Moderatè a, nap jwenn detay ki eksplike kijan pou nou dirije sesyon ekout sa a, ikonpri yon modèl maniskri moderatè, priyè douvèti ak priyè final ak enfòmasyon detaye sou sesyon an.

Kantite Tan lap dire: 3 è ak 15 minit

Fòm: Priyè ak Diskisyon nan Ti Gwoup

8:30 a.m. ospitalite opsyonèl ak echanj amikal ak anrejistremant

9:00 a.m. – 9:10 a.m. Akèy, entwodiksyon ak priyè douvèti

9:10 a.m. – 9:20 a.m. Prezantasyon Jeneral sou pwosesis Sinòd la ak Règ Debaz pou Patisipan yo

9:25 a.m. – 9:50 a.m. Opòtinite pou priyè ak refleksyon pèsònèl Patisipan yo dwe gen nan men yo kesyon yo pawas/gwoup la te chwazi a pou yo reflechi sou li pandan tan priyè sa a; yo kapab ekri nenpòt mo oswa enspirasyon yo resevwa pou pataje ak ti gwoup yo. Lè sa posib, nou ankouraje priyè ak refleksyon devan Sen Sakreman an.

9:55 a.m. – 12:10 p.m. Pataj ak dyalòg Ti Gwoup la (Gade Kesyon Sinòd yo nan fen kit sa a).
Kesyon Fondamantal (yo) [25-30 minit]

- Kesyon pou Apiye [90 minit]
- Priyè ak Kesyon pou Konkli [15-20 minit]

Rafrechisman ak poz – se pawas la/gwoup la ki pral detèmine l

12:10 p.m. – 12:15 p.m. Konklizyon ak priyè fèm

Opsyon 2: Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè kap Fèt nan Lasware pandan Twa Semèn

Pi ba a gen yon deskripsyon jeneral pou sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè kap fèt nan lasware pandan twa semèn. Nan Gid pou Moderatè a, nap jwenn detay ki eksplike kijan pou nou dirije sesyon sa yo, ikonpri yon modèl maniskri moderatè, priyè douvèti ak priyè final ak enfòmasyon detaye sou sesyon yo.

***Pou sesyon kap gen plizyè reyinyon yo, nou vremen ankouraje pou n fè patisipan yo pran angajman pou yo vini nan tout reyinyon yo, pou ankouraje lakonfyans, fè pataj ak bay opinyon yo konstaman.*

Kantite Tan lap dire: 90 minit jiska 2 èdtan chak sesyon

Fòm: Priyè ak Diskisyon Ti Gwoup

Semèn En:

6:00 p.m. ospitalite opsyonèl, echanj amikal ak anrejistremant

6:30 p.m. – 7:00 p.m. Akèy, entwodiksyon ak priyè douvèti (*Adsumus Sancte Spiritus*); Enfòmasyon jeneral sou pwosesis sinòd la ak Règ Debaz pou Patisipan Respekte

7:00 p.m. – 7:20 p.m. Opòtinite pou priyè ak refleksyon pèsònèl

Patisipan yo dwe genyen yon kopi kesyon ke pawas la/gwoup la te seleksyone pou yo medite sou yo pandan tan priyè sa a; yo ka ekri nenpòt mo oswa nenpòt enspirasyon ke yo resevwa pou yo pataje ak ti gwoup yo. Lè sa posib, nou ankouraje priyè ak refleksyon devan Sen Sakreman an.

7:20 p.m. – 7:55 p.m. Pataj ak dyalòg nan ti gwoup: **Kesyon Fondamantal** la (yo) (*Gade Kesyon Sinòd yo nan fen kit sa a*)

7:55 p.m. – 8:00 p.m. Konklizyon ak priyè fèmte

Pou yon Legliz Sinodal: Kit Referans pou Pawas/Gwoup

Semèn De:

- 6:30 p.m. – 6:40 p.m. Akèy ak priyè (*Adsumus*); Prezantasyon ak enfòmasyon jeneral sou sware a
- 7:00 p.m. – 7:20 p.m. Opòtinite pou priyè ak refleksyon pèsònèl
Patisipan yo dwe genyen yon kopi kesyon ke pawas la/gwoup la te seleksyone pou yo medite sou yo pandan tan priyè sa a; yo ka ekri nenpòt mo oswa nenpòt enspirasyon ke yo resevwa pou yo pataje ak ti gwoup yo. Lè sa posib, nou ankouraje priyè ak refleksyon devan Sen Sakreman an.
- 7:15 p.m. – 7:55 p.m. Pataj ak dyalòg nan ti gwoup: Kesyon pou Apiye:
Ekout ak Disèneman / Ko-Responsabilite ak Patisipasyon

- 7:55 p.m. – 8:00 p.m. Konklizyon ak priyè fèmte

Semèn Twa:

- 6:30 p.m. – 6:40 p.m. Akèy ak priyè (*Adsumus*); Prezantasyon ak enfòmasyon jeneral sou sware a
- 7:00 p.m. – 7:20 p.m. Opòtinite pou priyè ak refleksyon pèsònèl
Patisipan yo dwe genyen yon kopi kesyon ke pawas la/gwoup la te seleksyone pou yo medite sou yo pandan tan priyè sa a; yo ka ekri nenpòt mo oswa nenpòt enspirasyon ke yo resevwa pou yo pataje ak ti gwoup yo. Lè sa posib, nou ankouraje priyè ak refleksyon devan Sen Sakreman an.
- 7:15 p.m. – 7:55 p.m. Pataj ak dyalòg nan ti gwoup – **Kesyon pou Apiye: Lapriyè ak Selebrasyon, ak Priyè ak Kesyon Final**
- 7:55 p.m. – 8:00 p.m. Konklizyon ak priyè fèmte

Planifikasyon anvan Sesyon an

Moderatè a, Moderatè Tab yo ak Moun Kap Pran Nòt yo

- Chwazi moun kap ranpli wòl moderatè sesyon an, epi pataje **Gid pou Moderatè** a davans anvan sesyon an.
- Se pou deside si wap mande moderatè tab yo pou yo ede ak ospitalite a ak pwosesis la nan chak gwoup ak ofri enfòmasyon/fòmasyon davans.
- Nou ka chwazi davans moun kap pran nòt yo nan chak ti gwoup oswa ou ka mande yon moun pòte tèt li kòm volontè pou sa.

Kesyon Disèneman

- Pawas la oswa gwoup la fèt pou l voye **Gid pou Patisipan an** pa imèl bay chak patisipan; ankouraje yo li l davans epi distribye kopi kesyon yo depi nan kòmansman sesyon an.

Opòtinite pou Priyè ak Refleksyon Pèsonèl

- Nap envite pawas yo/gwoup yo pou yo konsidere bay opòtinite pou moun lapriyè ak fè refleksyon pèsonèl devan Sen Sakreman an, si posib. Nou ankouraje patisipan yo reflechi sou tèm ak kesyon ke nou pran an konsiderasyon yo nan limyè Lespri Sen an. Nou ka itilize [resous pou priyè pandan Lè Sent la](#) ke yo te devlope pou Renouvèlman Ekaristik achidyosezen an. Anplisdesa, nou ka konsidere Levanjil ki koresponn ak Lamès ki fèt nan jounen an oswa yon lòt pasaj nan Ekriti Sent la pou lapriyè ak meditasyon.
- Pawas yo ka konsidere envite entèsesè/gadyen yo ki pou pèmèt Adorasyon Sen Sakreman an nan chapèl la etan sesyon ekout la ap fèt nan sal pawasyal la.
- Okontrè, pawas yo/gwoup yo ka deside ofri tan endividyèl pou lapriyè ak refleksyon (kòm paregzanp ozalantou pwopriyete pawas la, andeyò sal reyinyon an, elatriye), toujou ankouraje patisipan yo disène kesyon oswa tèm yo nan Lespri Sen an.

Bezwen pou espas

- Yon sal ki gen ase tab ak chèz pou tout patisipan yo ka chita nan ti gwoup
- Yon mikwo pou pastè a/ dirijan an ak animatè a/MC a
- Tab ospitalite ak bwason e ak kolasyon
- Pwojektè ak gwo ekran, si posib

Men sa pou mete sou chak tab:

- Kopi kesyon yo
- Plim ak/oswa kreyon
- Fèy pou pran Nòt nan Ti Gwoup yo pou ekri kòmantè yo

- Opsyonèl: Rekòmandasyon sou Kominikasyon pou Lapriyè
- Konsidere pou mete yon Bib ki deja louvri nan yon pasaj ki apwopriye (paregzanp nan Sòm yo, elatriye)
- Opsyonèl: Resous priyè nan Lè Sent oswa lòt gid pou patisipan yo

Lis Verifikasyon

Anvan Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè a:

- ___ Disènen apwòch pou konsiltasyon nan kominote w la, petèt ou kapab konsidere itilize kesyon suivan yo. Kimoun kap patisipe nan kowòdinasyon pwosesis konsiltasyon lokal la? Konbyen sesyon kap fèt? Kimoun nap envite nan sesyon yo? Ki fòm sesyon kap bay pi bon rezilta? Kilè sesyon yo pral fèt?
- ___ Envite kominote a; pou fè sa, fè piblisite pou Sinòd la nan imèl oswa pa nenpòt lòt metòd kominikasyon pawas/gwoup, nan Lamès, nan bilten w yo, epitou mande tout pawasyen pou yo bay opinyon yo epi pou yo koute opinyon frè ak sè yo genyen, lè yo vin patisipe nan sesyon kap fèt nan pawas la oswa lè yo ranpli sondaj ki sou entènèt la. Pa bliye envite moun ki pa vin lamès regilyèman yo. Sinòd sa a se yon sinòd ki pou tout moun e se yon bèl opòtinite pou nou fè rankont ak fè evanjelizasyon.
- ___ Ankouraje patisipan yo ale sou sit <https://archatl.com/synod> pou yo ka telechaje Tiliv Patisipan an.
- ___ Idantifye yon moderatè ki elokan ki kapab gide konvèsasyon an. Nap ankouraje prèt yo pou yo jwenn yon lidè relijye oswa layik nan kominote a, oswa yon moderatè kap soti yon lòt kote, pou sesyon ekou ki konsantre sou lapriyè a.
- ___ Chwazi yon moun kòm redaktè rapò a ki pou tape nòt yo rekeyi nan ti gwoup yo nan yon rapò pou pawas la.
- ___ Envite entèsesè/gadyen ki pou pèmèt Ekspozisyon Sen Sakreman an nan chapèl la pandan pati pataj ak dyalòg yo ap fèt nan sal pawasyal la.

Lis Verifikasyon Volontè yo:

- ___ Animatè Kalifye
- ___ Ekip Ospitalite
- ___ Entèsesè/gadyen ki pou rete ap priye etan sesyon ekout ak pataj yo ap fèt
- ___ Moun kap pran nòt yo/oswa Moderatè Tab yo, si yo chwazi yo davans
- ___ Redaktè Rapò: Pastè/dirijan avèk moun yo seleksyone/ ekip pou konsolide nòt yo pran nan ti gwoup yo nan rapò pawas la epi telechaje yo nan <https://archatl.com/synod/>. Gade enstriksyon yo nan fen kit referans sa a.

Lis Verifikasyon pou Materyèl:

- ___ Tiliv pou Moderatè
- ___ Etikèt pou non yo

Pou yon Legliz Sinodal: Kit Referans pou Pawas/Gwoup

- ___ Fèy Anrejistreman
- ___ Kopi kesyon disèneman yo (youn pou chak moun)

- ___ Manje/ospitalite
- ___ [Resous pou priyè pandan Lè Sent](#)
- ___ Fèy pou pran Nòt nan Ti Gwoup yo
- ___ Rekòmandasyon sou Kominikasyon pou Lapriyè
- ___ Plim oswa kreyon
- ___ Espas yo mete pou ti gwoup yo

Nan Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè a:

- ___ Nap envite pawas yo pou yo konsidere bay opòtinite pou moun lapriyè ak fè refleksyon pèsònèl devan Sen Sakreman an. Nou ankouraje patisipan yo reflechi sou tèm ak kesyon ke nou pran an konsiderasyon yo nan limyè Lespri Sen an. Nou ka itilize [resous pou priyè pandan Lè Sent la](#) ke yo te devlope pou Renouvèlman Ekaristik achidyosezen an. Nou ka konsidere Levanjil ki koresponn ak Lamès ki fèt nan jounen an oswa yon lòt pasaj apwopriye nan Ekriti Sent la pou nou ankouraje lapriyè ak meditasyon sou pawòl Bondye a.
- ___ Entèsesè/gadyen yo - pawas yo ka konsidere envite entèsesè/gadyen yo ki pou pèmèt yo Ekspoze Sen Sakreman an nan chapèl la etan sesyon ekout la ap fèt nan sal pawasyal la.
- ___ Oswa, pawas/gwoup yo ka chwazi pou ofri tan pèsònèl pou refleksyon, yo ka ankouraje patisipan yo pou fè disèneman anba limyè Lespri Sen an.
- ___ Bay ospitalite tètke moun kap fè akèy, kap jere manje ak kolasyon pou kreye yon atmosfè akeyan pou tout moun kap vini yo.
- ___ Pote etikèt pou make non moun defason pou ankouraje konvèsasyon, espesyalman pou moun ki vini pou premye fwa.
- ___ Mande patisipan yo pou yo anrejistre yo, lè sa a, wap kapab kolekte non ak imèl patisipan yo e wap ka mande yo si yo ta renmen gen plis enfòmasyon sou pawas la/sou kominote a.
- ___ Mande patisipan yo pou yo rasanble nan plizyè ti gwoup ki gen senk a sis moun konsa tout moun ap gen opòtinite pou yo pataje ak koute ansanm. Si w gen plizyè ti gwoup, asire w ke gen yon moun kap pran nòt nan chak gwoup. Epitou w ka ankouraje ti gwoup yo pataje avèk tout gwoup la lè yo fin diskite.

Aprè Sesyon Ekout la:

- ___ Fè suivi avèk patisipan yo. Yon lòt rezilta pozitif ki soti nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè a se pou konsidere kijan fidèl yo kapab kontinye envite patisipan yo vin patisipe piplis ak vin gen lidèchip nan lavi pawas

Pou yon Legliz Sinodal: Kit Referans pou Pawas/Gwoup

la. Nou ankouraje pawas yo fè suivi ak patisipan yo, menm si se kontak endividyèl, pou ankouraje yo vin pote-kole nan pawas la/nan kominote a.

- Soumèt opinyon pawas ou/gwoup ou sou entènèt disi 31 mas 2022. Si responsabilite pawas la/gwoup la pou l idantifye ki moun ki pral kolekte opinyon yo epi soumèt fòm sou entènèt la pou pawas/gwoup ou. Nap mande pawas ki gen plizyè sesyon ekout avèk divès odyans pou yo konsolide tout opinyon yo rekeyi nan yon sèl rapò (gade enstriksyon ki pi ba yo).

Pi Bon Pratik pou Jesyon Ti Gwoup

Ospitalite

Pwosesis Sinodal la ap ofri yon opòtinite pou l afiche ospitalite entansyonèl pou tout patisipan yo. Plizyè pawas oswa lòt kominote ka swete labyenveni pou moun ki retounen yo apre pandemi a nan yon gwo evènman pou premye fwa. Konsidere "premye 10 minit yo," kote ekip la ka antisipe eksperyans ke vizitè ak pawasyen ki retounen yo ka genyen, epitou mete afich ki klè epi fè ansòt gen moun ki la pou fè akèy ki gen etikèt ki gen non yo make sou yo e ki gen yon bèl souri sou figi yo.

Ospitalite pa nesèsman vle di pou bay manje ak bwason, ni sa pa vle di pou depanse anpil lajan pou sa. Pawas ak lòt kominote yo, toudepann de kontèks yo, kapab chwazi pou yo ofri yon repa oswa kolasyon pou akomode envite yo; neyanmwen li pa estrikteman nesèsè. Gen apeprè 1,500 ane desa, St. Benedict te ekri nan règ li te tabli pou lavi monastik li a: "Se pou nou resevwa tout envite ki vini tankou nou ta resevwa Kris, paske Kris pral di, 'Mwen vini antanke yon envite, epi nou resevwa m'" (Mt 25:35).

Moderatè Tab yo

Nou rekòmande pou nou envite moderatè tab yo pou yo jere konvèsasyon an ak pataj yo nan lè ki apwopriye yo, espesyalman si pawas la/kominote a ap planifye pou l ofri yon gwo sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè. Moderatè yo fèt pou yo genyen yon kopi Gid pou Moderatè a ansanm avèk Gid pou Patisipan an tou, pou asire ke yo byen konprann e ke yo se sipòtè pwosesis konsiltasyon an ki chaje ak antouzyas. Nou rekòmande yon reyinyon fòmasyon (swa vityèl oswa an pèsòn) pou yo ka familiarize yo ak metodoloji a ak pwogram jounen an. Ankouraje yo lapriyè pou kèlkeswa envite parèy yo kap sou menm tab avèk yo, pou kè yo alekout sou sa Lespri Sen an ap di ak sou sa zòt ap di tou. Fòk moderatè yo montre ke yo enterese e fòk yo respekte envite yo, fòk yo eseye fè diskisyon an mache, epi fòk yo asire ke patisipan yo obsève règ patisipasyon an ki se youn a de minit. Moderatè yo ka toujou di kichòy tankou: "[site non moun nan] map di w mèsè anpil poutèt ou fè pataj sa a, ann bay zòt opòtinite pou yo fè pataj tou; si nou gen tan toujou, nou ka tounen sou ou." Lide a se pa pou entewonp yon envite bripsoukou, men jantiman jere tan an ak opòtinite pale a pou tout moun.

Rekòmandasyon pou Kominikasyon sou Lapriyè / Règ Debaz Pou Patisipan Respekte †

(Planifye pou bay kèk kopi sou sa ki make anba a pou bay chak patisipan/chak ti gwoup.)

P – PRIYE epi MEDITE anvan e apre w fin pale. Mande Granmèt la pou l antre nan kè w, nan tèt ou ak nan bouch ou lè w kòmanse pale. Epiyou, medite sou sa yo pataje a e sou sa Granmèt la ap mete sou kè w.

R – Ou RESPONSAB pou pwòp panse w ak pwòp santiman w yo, evite tantasyon pou pa lage blâm sou zòt. Se menm jan an, sonje ke w pa responsab pou sa zòt panse oswa pou santiman yo nan gwoup ou a. Nan yon kontèks kote moun ap koute ak pataje, pagen pwoblèm si nou varye panse ak santiman nap pataje yo.

A – AKSEPTE pou pèmèt zòt pale ak pataje sa yo gen pou di san w pa korije ni kritike yo. Si w pi ouvè e si w pi konvenkan nan konvèsasyon, li ta pi bon si w te ka koute plis epi pèmèt sa ki pa abitye pale yo pou pale anvan. Nou espere tandè sa tout moun gen pou di nan pwosesis Sinodal sa a, sitou moun ki pa fè pati majorite a.

Y – Ou dwe gen YON atansyon patikilye parapò ak sa w panse, ak sa w santi, ak opinyon w oubyen menm ak prejije w yo. Mande tèt ou "Poukisa m santi m konsa a oswa m panse konsa?"

E – Aplike yon EKOUT avèk konpasyon, epi rete atantif, pa sèlman ak mo yo di yo, men ak santiman yo eksprime yo tou. Eseye mete tèt ou nan sityasyon moun kap pale a pou ka ede w vreman santi sa moun nan santi a.

R – RESPEKTE tout moun jan Jezi te anseye nou: se pou youn renmen lòt. Evite minimize oswa neglije panse oswa eksperyans lòt moun. Toujou chèche kontwòle emosyon w lè wap pale e lè wap koute, fè prèv jantiyès ak jenewozite vizavi zòt.

Wòl Moun Kap Pran Nòt yo

Yo pral fè envite yo konnen ap gen yon moun ki pral pran nòt/yon sekretè sou chak tab ki pral pran nòt (se kapab youn nan envite yo ki pòte tèt yo kòm volontè, oswa yon pawas/yon gwoup ka chwazi pou l deziyen moun ki pou pran nòt yo davans.) Nòt yo ap rete anonim. Nòt yo pran nan tout ti gwoup ki nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo pral ede w kreye yon rapò rezime pawas/gwoup la (yon rapò pou chak pawas/gwoup, ki rezime tout lapriyè ak tout eksperyans ekout ak patj yo). Yo pral voye rapò rezime pawas/gwoup sa a bay Ekip Sinòd acheveche a ki limenm pral kreye yon rapò achidyozezen ki

† Pou ka gen plis Rekòmandasyon pou Kominikasyon, konsilte *Kominikasyon Entèkiltirèl: Pwosesis Envitasyon Mityèl* (Intercultural Communication: The Mutual Invitation Process) ke wap jwenn nan: USCCB, *Devlopman Konpetans Entèkiltirèl pou Minis yo: Edisyon bileng* (USCCB, *Building Intercultural Competence for Ministers: Bilingual edition*) (Washington, D.C., 2014), ki aksesib nan: <https://www.usccb.org/committees/cultural-diversity-church/bicm-appendices>.

baze sou rapò pawas/gwoup yo sou rasanbleman rejyonal yo e sou opinyon yo rekeyi nan sondaj ki fèt anliy yo e ki fèt nan lòt rankont yo.

Kesyon pou Sesyon Ekout yo

Nou ofri kesyon suivan yo kòm kesyon prensipal pou gide sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo pou pawas/kominote nan Achidyosèz Atlanta a. Pawas yo oswa lòt gwoup yo ka adapte oswa modifiye kesyon yo selon peryòd la, selon sikonstans ak bezwen yo. Si yo fè kèk adaptasyon, nap ankouraje kominote yo suiv tèm ak kesyon yo sijere nan Dokiman Preparatwa Sinòd la ak nan *Vademecum* la kòm yon gid (gade kesyon opsyonèl yo sijere pi ba a tou). Ap gen yon sondaj anliy kap konplete opinyon yo pran nan sesyon ekout ki konsantre sou lapriyè yo nan pawas/kominote a ak nan rasanbleman rejyonal yo.

Kesyon Fondamantal la

Yon Legliz sinodal, lè lap anonse Levanjil la, "li fè chimen ansanm." Kijan "fè chimen ansanm" sa a ap fèt jodiya nan pawas/kominote nou an? Kijan Lespri Sen an ap envite pawas/kominote nou pou l grandi nan "fè chimen ansanm" lan?

- Kisa "fè chimen ansanm" reprezante pou ou? Ki eksperyans ki vin nan tèt ou?
- Kisa ki te ba w lajwa nan pawas/kominote nou an? Ki difikilte ak obstak parapò ak fè chimen ansanm, oswa parapò ak patisipasyon aktif ak dinamik nan lavi pawas/kominote a, ke w te rankontre?
- Ki kote nan eksperyans sa yo ke w tande Lespri Sen an ap envite kwasans?

Tèm Kle ak Kesyon pou Apiye

Ekout ak Disèneman

Ekout se yon premye etap ki mande yon espri ak yon kè ouvè, san prejije. Disèneman nan yon estil sinodal, ki mande anpil atansyon a Lespri Sen an atravè priyè ak pataj kominote antyè a, depann tou dabò sou ekout.

- Kijan w tande vwa Bondye toulejou?
- Kijan Bondye pale avèk nou atravè vwa ki pami nou yo, ikonpri sa ki nan periferi yo (moun ki pòv, ki majinalize, ke yo ekate sosyalman, sa ki pa afilye, elatriye)? Kijan nou koute vwa ki soti nan periferi yo san prejije?

- Ki espas pawas/kominote nou an bay pou n koute ak pataje (pale lib) pami tout manm yo e pami moun ki pa konekte regilyèman ak kominote nou an?
- Kijan nou ka ansanm disène volonte Bondye nan pawas/kominote nou an, e ki wòl konsiltasyon an jwe?

Ko-Responsabilite ak Patisipasyon

Sinodalite osèvis misyon Legliz la kote yo mande pou tout manm yo patisipe. Tout sa ki batize yo ko-responsab pou ranpli misyon Legliz la—pou pwoklame Levanjil la epi pou yo fè disip pou Jezi Kri.

- Kisa ki pèmèt oswa ki anpeche w bay temwayaj ak pale avèk kouraj e responsabilite nan pawas/kominote nou an ak nan sosyete a?
- Kijan yo lanse apèl ak ankouraje tout manm pawas/kominote nou yo pou patisipe nan misyon Legliz la pou yo pwoklame Levanjil la?
- Ki obstak ou remake ki genyen nan apostola ak patisipasyon aktif ke w wè?
- Nan ki sans ke yo mete an pratik travay ann ekip ak ko-responsabilite pou misyon an nan pawas/kominote nou an?

Lapriyè ak Selebrasyon

Sa ki santral pou "mache ansanm" se ekout kominal Pawòl Sent yo ak selebrasyon Ekaristi a.

- Kijan lapriyè ak selebrasyon litijik la, espesyalman Lamès Ledimanch, enspire ak gide pawas/kominote nou an nan lavi ak misyon nap pataje a?
- Kijan koute Pawòl Bondye a ansanm (paregzanp Lasent Mès, gwoup kap etidye Ekriti Sent yo, elatriye) enspire pawas/kominote nou an pran desizyon ki pi enpòtan yo?
- Kisa "Ekaristi a" reprezante pou ou? Kijan Ekaristi a enspire lavi w ak aksyon w yo?
- Kijan nou ankouraje patisipasyon aktif tout fidèl yo nan lapriyè, nan litiji a ak nan sakreman yo?

Kesyon pou Konklizyon – Koute Lespri Sen an

Pran 5 -10 minit pou lapriyè an silans ak ti gwoup ou a, lè w fin envoke Lespri Sen an ankò atravè yon lapriyè "Lespri Sen Desann" oswa atravè yon lapriyè enpwovize. Alèkile, apatide ti pataj ki fèt nan ti gwoup ou a, **site yon pèsepsyon kote w te tande vwa Lespri Sen jodiya a, oswa pataje yon pèsepsyon ki sou kè w lè w te fin lapriyè.**

Kesyon Adisyonèl ki Opsyonèl – Yo ka entegre kesyon sa yo nan kesyon ki anwo yo oswa yo ka adapte yo pou gwoup ki andeyò lavi pawas la oswa ki andeyò kad ministè a:

Sou Bondye ak Legliz Katolik la

- Ki panse ak ki eksperyans ki vin nan tèt ou lè w tande yo mansyone "Bondye"?
- Kisa yon relasyon avèk Bondye reprezante pou ou?
- Ki panse ak ki eksperyans ki vin nan tèt ou lè w tande yo mansyone "Jezi Kri"?
- Kisa yon relasyon avèk Jezi reprezante pou ou?
- Ki panse ak ki eksperyans ki vin nan tèt ou lè w tande yo mansyone "Legliz Katolik" oswa "ke yon moun Katolik?"

Dyalòg ak Relasyon avèk Zòt

- Èske w konnen kijan Legliz Katolik la ankouraje dyalòg ak kijan li dyaloge ak zòt? Kijan yo ka ranfòse sa?
- Èske w konnen fason Legliz Katolik la mache ansanm avèk lòt Kreyen? Kijan yo ka ranfòse sa?

Lòt Sijè ki Gen Rapò ak Sinodalite

- Kisa otorite reprezante pou ou?
- Kisa koute reprezante pou ou?
- Kisa disèneman reprezante pou ou?
- Kijan nou ka kominike pi byen sou fason yo pran desizyon ak fè aksyon nan Legliz Katolik la?
- Sinodalite gen ladan aksepte pou fè chanjman, fòmasyon ak aprantisaj kontinyèl. Kijan w viv sinodalite nan lavi w toulejou?

Tanpri note: Kòm rapèl, Dokiman Preparatwa Sinòd la ak Vademecum la founi plis kesyon posib ke gwoup yo kapab adapte.

Enstriksyon pou Rapò Somè Pawas/Gwoup

Pou pawas ak lòt kominote/gwoup yo (tankou ministè kanpis kolèj yo, lekòl Katolik yo, mouvman/apostola yo, lòt gwoup ki pa afilye avèk yon pawas, elatriye) ki angaje nan pwosesis konsiltasyon Sinòd la nan acheveche ki gen sesyon ekout yo, chak antite sa yo (pawas/gwoup) gen obligasyon pou yo soumèt **yon sèl rapò somè** pou yo soumèt bay acheveche a. Tanpri, pa bliye bagay suivan yo:

- Menm si chak pawas/chak gwoup gen plizyè sesyon ekout, se sèlman yon sèl rapò somè yo mande chak antite soumèt.
- Rapò pawas yo dwe gen otorizasyon pastè a, epi rapò lòt kominote/lòt gwoup yo fèt pou gen otorizasyon apwopriye moun ki antèt la (tankou chaplen, direktè, lidè lokal/responsab mouvman/apsotola, elatriye).
- Tanpri, pa bliye ke, otan rapò sa yo enpòtan e kapab ede rapò achidyosèz la, sa ki vital pou tout pwosesis sa a se eksperyans lapriyè a, ekout yo fè ak sinodalite yo viv la ke nou ankouraje.

Pi ba a, wap jwenn estrikti nou mande pou nou suiv lè nap konpile rapò somè nou an. Se pou nou anrejistre ak soumèt rapò yo elektwonikman nan [sitwèb](http://sitwèb.archatl.com/synod) (archatl.com/synod) Sinòd achidyosèz la. Tanpri, kontakte Jenny Miles (jmiles@archatl.com) si nou gen nenpòt kesyon oswa si nou gen nenpòt pwoblèm. Si sa nesesè, nou kapab voye pa lapòs yon kopi sou papye oswa nou ka eskàne li kòm altènativ, c/o Jenny Miles nan achidyosèz la.

Seksyon A: Enfòmasyon Debaz

- 1) Non pawas la, lekòl Katolik, ministè kanpis oswa kominote/gwoup
- 2) Adrès pawas la, lekòl Katolik, ministè kanpis oswa kominote/gwoup
- 3) Non pastè/dirijan
- 4) Non moun kap ranpli rapò/fòmilè sa a; nimewo telefòn; adrès imèl

Seksyon B: Evalyasyon Pwosesis Sinòd la nan Pawas Ou/Kominote W

1) Tanpri dekri pwosesis ou chwazi a (yo) pou konsilte kominote w la. Tanpri tcheke tout sa ki aplike:

- a. Opsyon 1: Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè (an pèsòn, vityèl, ibrid)
- b. Opsyon 2: Sesyon Ekout ki Konsantre sou Lapriyè pandan Twa jou (an pèsòn, vityèl, ibrid)
- c. Sondaj Anliy
- d. Lòt Rankont
- e. Apèl Telefòn
- f. Yon lòt bagay? [Tanpri bay deskripsyon.]

2) Kiyès ou te konsilte? Tanpri tcheke tout sa ki aplike:

- a. Manm pawas/kominote yo
- b. Lidèchip, estaf ak volontè pawas/kominote
- c. Konsil pawas yo (pastoral ak finans)
- d. Katolik ki inaktif yo
- e. Lòt Kretyen
- f. Moun lòt relijyon
- g. Sa ki pa gen afilyasyon
- h. Lòt

3) Ki sa ki te pi bèl pati nan pwosesis la? Ki sa ki te gran pwen yo?

4) Ki sa ki te aspè ki te gen plis defi nan pwosesis konsiltasyon an? Ki kèk leson ou aprann?

5) Èske gen rezilta pozitif oswa etap ke kominote w la pral aplike poutèt pwosesis sa a?

Seksyon C: Disèneman Opinyon Sinòd pou Achidyosèz la

1) Pèsepsyon yo: Tanpri, pataje kat oswa senk pami pèsepsyon ki pi enpòtan yo apatide eksperyans sinodal lokal ou fè. Pou ka disène fwi sa yo, nap mande pou nou envoke Lespri Sen pou gide nou. Nan disèneman w lan, konsidere itilize pwèn suivan yo pou ede w:

- Pa sèlman konsidere pou rapòte tandans komen ak pwèn konvèjans, men mete aksan tou sou pwèn ki tire fisèl, sa ki enspire yon pwendeви orijinal oswa ki ouvri yon nouvo orizon.
- Prete yon atansyon espesyal parapò ak opinyon moun yo pa konn koute souvan yo oswa moun ki pa fè deklarasyon souvan, donk pa bliye pèsepsyon ke moun ki minoritè yo ka bay kòm pèspektiv.
- Pa sèlman pran an konsiderasyon eksperyans pozitif yo, men ekspoze eksperyans difisil e negatif yo defason pou reflète reyalite a pou sa moun tap koute a.
- Pa bliye eksperyans rasanbleman lokal la: konpòtman patisipan yo avèk lajwa e ak defi ki prezante lè moun tap lapriyè, lè yo tap koute ak lè yo tap disène.

Pèsepsyon 1: Kesyon Fondamantal la:

Yon Legliz sinodal, lè lap anonse Levanjil la, "li fè chimen ansanm." Kijan "fè chimen ansanm" sa a ap fèt jodiya nan pawas/kominote nou an? Kijan Lespri Sen an ap envite pawas/kominote nou pou l grandi nan "fè chimen ansanm" lan?

OSWA tèm altènatif:

Pèsepsyon 2: Ekout ak Disèneman

OSWA tèm altènatif:

**Pèsepsyon 3: Ko-Responsabilite ak Patisipasyon
OSWA tèm altènatif:**

**Pèsepsyon 4: Lapriyè ak Selebrasyon
OSWA tèm altènatif:**

**Pèsepsyon 5: Koute Lespri Sen an (nenpòt ki pèsepsyon adisyonèl oswa
nenpòt eksperyans pou pataje) OSWA tèm altènatif:**

2) Kesyon Final: Nan ki sans nou (pastè/dirijan an konsiltasyon ak ekip ou a) wè Lespri Sen envite Legliz lokal la isi a nan Achidyosèz Atlanta a pou nou grandi an sinodalite?

Priyè pou Sinòd la: *Adsumus Sancte Spiritus*

Adsumus, Sancte Spiritus

Nou vin devan Ou, Lespri Sen

Priyè pou Envokasyon a Lespri Sen pou yon gouvènans asanble eklezyal
oswa pou disèneman (kidonk, sinodal)

Nou vin devan Ou, Lespri Sen, etan nou reyini ansanm nan non Ou. Se ou menm sèl ki se gid nou, vin pran lojman nan kè nou; Montre nou ki wout pou n fè epi oryante nou sou wout la. Nou fèb e nou se pechè; Pa kite nou pwovoke dezòd. Pa kite inyorans fè nou fè move chimen, ni nonplis tou pa kite pasyalite enfliyanse zak nou poze. Fè nou jwenn nan Ou inite nou pou nou ka fè chimen ansanm vè lavi etènèl, e san nou pa elwaye nou de chimen verite a ak lajistis. Nap mande W tout sa, Oumenm kap travay tout kote ak tout tan, nan kominyon avèk Pè a e ak Fis la, pou dè syèk e dè syèk. Amèn.



SINÒD EVÈK YO

1 Chak sesyon Dezyèm Konsil Vatikan an kòmanse ak lapriyè Adsumus Sancte Spiritus la, ki se premye mo laten orijinal la, ki vle di, "Nou vin devan Ou, Espri Sen," ke yo toujou abitye itilize nan Konsil yo, nan Sinòd yo ak nan lòt rasanbleman Legliz depi dè syèk e dè syèk, e yo di se Sen Izidò nan Seville (c. 560 - 4 Avril 636) ki te kòmanse fè sa. Etan nap antame Pwosesis Sinodal sa a, priyè sa a envite Espri Sen an pou l fè zèv sou nou defason pou n ka vin yon kominote e yon pèp ki gen lagras. Pou chimen Sinodal la apatide 2021 jiska 2023, nap pwopoze pou n itilize vèsyon 1 senplifye suivan yo, defason pou nenpòt gwoup oswa nenpòt asanble litijikal ka lapriyè l pi fasilman. Ou ka jwenn vèsyon orijinal Adsumus Sancte Spiritus la nan sitwèb Sinòd la.